

Lejann Enfètilite Vaksen COVID-19

ct.gov/covidvaccine

Paj 1 nan 2




DEMASKE

Èske se vre ke vaksen COVID-19 yo lakòz enfètilite?

NON. LEJANN SA A FO.

Pa gen okenn prèv jiska jodi a ke vaksen an lakòz okenn pwoblèm fèttilite, nan fanm oswa gason, oswa gwsosès.



Kijan lejann sa a te kòmanse?

Nan mwa desanm 2020, yo te fè akizasyon ewone ke vaksen yo genyen ladan yo yon pwoteyin ki rele syncytin-1, ki enpòtan anpil pou devlopman plasenta a nan fanm ansent yo, epi ke vaksen an ta lakòz jenerasyon antikò ki ta atake syncytin-1, konsa entèwonp fòmasyon plasenta a epi mennen nan enfètilite oswa foskouch. Akizasyon an te reprann sou medya sosyal yo epi malerezman, fo nouvèl mache vit.

Kisa verite a ye?

Syncytin-1 pataje yon ti moso nan kòd jenetik ak pwoteyin pwent koronaviris la, men se la resanblans lan fini. Yo se de pwoteyin ki diferan konplètman, epi li pa posib pou antikò yo ke vaksen yo kreye pou rekonèt epi atake okenn pwoteyin ki pa sa yo jwenn sou viris SARS-CoV-2 ki lakòz COVID-19. Panse li konsa: sistèm iminitè ou twouble epi atake pwoteyin placenta ta tankou oumenm ki konfonn yon elefan pou yon Dofen paske yo toulede gen koulè gri.

Kian pou fè si?

- Pandan vaksen COVID-19 rete anba etid, **jiska prezan pa gen okenn done ke vaksen yo ka lakòz enfètilite.**
- **Pa gen okenn teyori syantifik kredib pou kijan vaksen yo te ka lakòz enfètilite.**
- Menm si fanm ansent yo te eskli nan esè vaksen yo, **plizyè fanm te vin ansent pandan esè yo.** An tou, sèlman yon fanm ki te souffri yon foskouch, epi yo te ba li yon plasibo, PA vaksen an.



Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite
ct.gov/covidvaccine

GET THE
FACTS
ON THE
VAX



Lejann Enfètilite Vaksen COVID-19

ct.gov/covidvaccine

Paj 2 nan 2

DEMASKE

Ki lòt bagay mwen ta dwe konnen?

Pandan ke pa gen okenn prèv jiska jodi a ke vaksen yo lakòz enfètilite oswa foskouch, **gen anpil prèv ki montre kontrakte COVID-19 ka danjere pou fanm ansent ak tibebe ki poko fèt yo:**

EFÈ SEGONDÈ VAKSEN

- **PA gen enpak sou gwosès oswa fètilite**
- Lafyè, Frison, Doulè nan misk, Fatig *
- Ka ki ra anpil yo nan myokadit/perikadit (enflamasyon nan/alantou misk kè)
- Ka ra anpil nan reyaksyon alèjik
- Ka ra anpil nan kayo san

RISK COVID-19 YO

- **Gwo risk pou COVID-19 grav**
- Ogmantasyon risk pou **konplikasyon gwosès**
- Ogmante bezwen pou **vantilasyon mekanik**
- Ogmantasyon risk pou **foskouch/lanmò fetis la**
- Ogmantasyon risk pou **akouchman avan tèm**
- Ogmantasyon risk pou **kayo san**
- Ogmantasyon risk pou **tansyon wo**

* Fanm ki ap fè fekondasyon in vitro oswa lòt pwosedi ki sanble yo ta dwe konsilte doktè yo anvan yo resevwa vaksen an pou asire moman apwopriye a pou evite konfizyon potansyèl efè segondè akout tèm vaksen an ak nenpòt tip enfeksyon ki gen rapò ak pwosedi a.



Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite
ct.gov/covidvaccine

GET THE
FACTS
ON THE
VAX

